

## Lekòl Ft Pierce Central Kontra enfòmèl Paran pou ane 2023-2024

Lekòl Ft Pierce Central ak paran elèv kap patisipe nan aktivite yo, sèvis, ak pwogram ke Tit 1 finanse, Pati A nan Iwa Chak Siksè Elèv (ESSA), dakò ke kontra enfòmèl ki dekri kijan paran yo, ak anplwaye lekòl la, ak elèv yo pral pataje responsablite pou akonplisman akademik elèv yo, ak mwayen lekòl la, ak paran yo, ap bati epi devlope yon patenarya ki pral ede timoun yo reyalize Estanda leta a. Kontra paran lekòl sa ap komansè pandan ane lekòl 2023-2024 la.

### **Responsablite Lekòl yo**

Ft Pierce Central ap pran inovasyon enstriksyon epi prepare elèv yo sosyalman, emosyonèlman, ak akademikman pou 21yèm syèk la, epi vanse pou pi devan. Nou se yon fanmi ki pi fò ansanm, motive, epi angaje nou nan vini pi bon jodi a ke pase yè.

Ft Pierce Central pral:

Bay yon pi bon kalite kourikoulòm ak enstriksyon nan yon bon anviwònman aprantisaj, ki bay sipò epi efikas, kap pèmèt timoun yo satisfè estanda akademik elèv leta yo nan jan sa a:

- Bay sipò epi asire yon anviwònman ki san danje
- Maksimize efikasite enstriksyon nan ofri devlopman pwofesyonèl sou estrateji enstriksyon jodi a.
- Ogmante akonplisman elèv nan lekti, ekri, matematik ak syans.
- Kolabore avèk paran yo ak kominote a nan yon patenarya ki karakterize nan kominikasyon ak respè mityèl, jan fòmasyon paran vize nan direksyon pou diferan aspè nan devlopman timoun nan.
- Sipòte karaktè yo, tankou onètete, kontwòle tèt yo, respè, jantiyès, sitwayènte, tolerans, koperasyon ak responsablite.

Kenbe konferans paran-pwofesè pandan yo pral diskite sou kontra enfòmèl kap fè ou wè ki jan li gen rapò ak akonplisman timoun nan. Espesyalman, konferans sa yo ap fèt pandan

- Pòt louvri
- Nan Tit.1 SAC reyinyon yo.
- Jan paran yo, responsab timoun yo ak ofisyèl lekòl la mande li

Toujou bay paran yo rapò sou pwogrè timoun yo. Espesyalman, lekòl la ap bay rapò sa

yo, nan jan sa a:

- Chak mwatye trimès ki dire 9 semèn, yo pral bay yon rapò sou pwogrè timoun ou.
- Kanè yo pral bay nan fen chak trimès.
- Nòt tès estanda yo pral sou Skyward

Yap bay paran yo aksè pou pale ak pwofesè yo, ak anplwaye lekol la . Espesyalman, anplwaye yo ap disponib pou konsiltasyon ak paran nan jan sa a:

- Pwofesè yo ap disponib apre lekòl, soti nan 1:40 jiska 2:10 pou konferans yo.
- Pwofesè yo disponib atravè telefòn, wap ka kite yon mesaj sou telefòn li, ak imèl. Lyen adrès imèl yo disponib sou sit entènèt lekòl la.
- Administrasyon ak anplwaye sipò yo ap disponib apre 7:45. epi pandan tout jounen lekòl la, ak sou randevou tou.

### **Responsabilite paran yo**

- Nou menm antan ke paran, ap soutni ptit nou yo nan apran lekol, nan fason sa yo:
- Veye sou prezans nan klas, ak nòt timoun lan, lè nou ale sou Skyward
- Chak maten asire ptit mwen an gen tout founiti lekòl ki nesesè pou jounen an
- Tcheke devwa yo si yo fini
- Enkourage ptit mwen itilize tan lib li nan fason pozitif pandan map veye sou kantite tan lap pase ap gade televizyon, jwe jwèt vidèyo, ak lè lap sèvi avèk aparèy elektwonik
- Sipèvize itilizasyon ak siveyans sou aktivite li sou entènèt ak medya sosyal
- Lè pote èd li nan lekòl la
- Rete enfòme sou edikasyon ptit mwen an epi kominike ak lekòl la san pèdi tan nan li tout avi ki sòti nan lekòl la, oubyen distri lekòl la ke ou resewva nan men ptit la, oswa pa lapòs, ke wap reponn, jan sa mande.
- Sèvi, nan limit ki posib, nan Konsèy Konsiltatif Lekòl

### **Responsabilite elèv yo**

- Kòm yon etidyan, mwen pral pataje responsabilite pou amelyore akonplisman akademik mwen epi reyalize prensip yo nan nivo leta a. Espesyalman, mwen pral:
- Rete yon elèv ki sou aprann lekòl epi pran responsabilite pou edikasyon mwen
- Rete yon elèv konsyan de tan mwen ap pase sou tribin medya sosyal, epi konsidere sa mwen ap afiche sou rezò sosyal yo.
- Fè devwa mwen chak jou epi mande èd lè mwen bezwen li
- Fè lekti omwen 30 minit chak jou lè mwen pa lekòl la
- Bay paran mwen oubyen responsab mwen tout avi ak enfòmasyon mwen te resewva nan lekòl la chak jou
- Konfòrme mwen ak politik anti-entimidasyon an, ak Kòd Konduit Distri a